# ISHKI ISLER ORGANLARI XIZMETKERLERINDE INDIVIDUAL HÁM SOCIAL PSIXOLOGIYALIQ QÁSIYETLERDIŃ ÁHMIYETLILIGI

**Abdullayeva Fazilat Batırbay qızı,**
*M.Uluǵbek atındaǵı Ózbekstan*
*Milliy universiteti magistrantı*
fazilatabdullaeva31@gmail.com

***Annotaciya.*** *Dúnya kóleminde jınayatshılıqtıń aldın alıw boyınsha alıp barılıp atırǵan ilimiy izertlewlerde, zamanagóy ishki isler organı xızmetkerleriniń kadrlar rezervin jaratıw, olardı óz kasibiniń mamanı etip tárbiyalaw, psixologiyalıq tárepten ishki isler xızmetine tayarlaw, kásip hám shaxsqa tán individual-psixologiyalıq qásiyetlerdi rawajlandırıw, shıdamlılıq, motivacion hám emocional jaǵdayların úyreniwge arnalǵan ilimiy izertlewler alıp barıw mútajligi sezilmekte.*

***Tayanısh sózler:*** *Kásiplik-psixologiyalıq tayarlıq, motivaciyalıq hám emocional jaǵdaylar, jumıs iskerligi, jámiyet, etikalıq normalar, psixologiyalıq baylanıs, tártip.*

Búgingi kúnde mámleketler aralıq turaqlılıq hám tınıshlıqtı saqlaw, insan huquq hám erkinliklerine sózsiz ámel etiliwin támiyinlew, xalıq párawanlıǵın támiyinlew- huquqıy demokratiyalıq mámleket qurıwdıń zárúrli shárti esaplanıp atır. Mámleketler tárepinen jınayatshılıqtıń aldın alıwǵa juwapker bolǵan ishki isler shólkemleri iskerligi nátiyjeliligin asırıw, kásiplik iskerlikke múnásipliligin jetilistiriw hám de olardıń psixologiyalıq tayarlıǵın kúsheytiw arqalı shaxslar aralıq múnasebetlerdi qáliplestiriw aktual mashqala sıpatında kózge taslanbaqta.

Dúnya kóleminde jınayatshılıqtıń aldın alıw boyınsha alıp barılıp atırǵan ilimiy izertlewlerde, zamanagóy ishki isler organı xızmetkerleriniń kadrlar rezervin jaratıw, olardı óz kasibiniń mamanı etip tárbiyalaw, psixologiyalıq tárepten ishki isler xızmetine tayarlaw, kásip hám shaxsqa tán individual-psixologiyalıq qásiyetlerdi rawajlandırıw, shıdamlılıq, motivacion hám emocional jaǵdayların úyreniwge arnalǵan ilimiy izertlewler alıp barıw mútajligi sezilmekte. Bul bolsa, ishki isler organı xızmetkerlerin kásiplik-psixologiyalıq tayarlaw, olarǵa tán xarakter sıpatları hám de shaxslararalıq múnasibetler qáliplesiwiniń social-psixologiyalıq qásiyetlerin anıqlaw boyınsha ilimiy izertlewler alıp barılmaqta. S.Bashirova hám A.Ibragimov óz ilimiy-izertlew nátiyjeleri juwmaǵına kóre tómendegidey pikirlerdi aytqan: “ishki isler organları xızmetkerleri óz jumıs barısında jetiskenlikke erisiwi ushın jınayat nızamshılıǵın huquqıy tárepten biliwden tısqarı, psixologiyalıq bilimlerge iye bolıwı hámde onı óz iskerligi barısında qollay alıw qábiliyeti de talap etiledi. Bul bilimler járdeminde olar advokat sıpatında tergew jumıslarında óz ara baylanıs alıp barıwı kerek bolǵan adamlar menen baylanıs ornatadı hám olarǵa psixologiyalıq tásir kórsetedi. Bul kommunikativ qábilet tergewshilerdiń kásiplik iskerligindegi sırtqı

ózgeshelik bolıp, sonıń menen bir qatarda onıń tergew qılınıp atırǵan iste qatnasıwshı shaxslar: gúmandar shaxs, ayıplanıwshı, jábirleniwshi, gúwa menen psixologiyalıq baylanıs ornatıw qábileti menen belgilenedi” [1]. Sonıń menen birge, olar hadallıq, qızıǵıwshılıq, jańa maǵlıwmat hám bilimlerdi izlew, tabıw hám qabıl etiw, máplerdiń bar ekenligi, rawajlanǵan joqarı dárejedegi oyda sáwlelendiriw, maslasıwshańlıq, ǵárezsiz hám standart bolmaǵan pikirlew, jańa taktikalıq jantasıwlardı izlewge baǵdarlanǵanlıq, mashqalalardı sheshiw jolları, tereń oy-óris, aqıldıń ózine tánligi menen ajıralıp turadı.

Usınıń menen bir qatarda, I. Ohrimenko, V. Ostapovich, V. Barko, I. Xruzynska, O. Smirnova hám O. Marchenkolar ózleriniń ilimiy izertlewlerinde atap ótkenindey, huquq qorǵaw uyımları xızmetkerleri óz jumıs iskerligi barısında sáwbetlesiwge tásir etiwi, onda isenim payda ete alıwı minez-qulqlarına obyektiv baha beriwi, adamlardıń itibarın qarata alıw hám qızıǵıwshılıǵın oyatıwı kerek. Bunnan tısqarı, adamlar menen jaqsı qarım-qatnas jasay alıw qábiletine iye bolıwı júdá zárúr, óz pikirin qorǵay alıw, sáwbetlestiń individual qásiyetlerin anıqlaw, isendiriw, óz ara qarım-qatnas processinde belgilengen maqsetke erisiw, jámáátte islew, iskerlikti joybarlaw, iskerlik nátiyjelerin boljaw, óz iskerligin tártipke salıw hám qadaǵalaw pazıyletlerin kórsetiwi kerek. [2] Sol sebepli, olarda kollektivizm, birge islesiwge qaratılǵan joqarı dárejedegi kompetenciyalardı qáliplestiriw oǵada zárúr esaplanadı.

Ishki isler xızmetkerlerine tán shaxslar aralıq múnasibetler mashqalası izertlewdiń ayrıqsha sebepleri ámeldegi, yaǵnıy shaxslar aralıq múnasibetlerdiń qatnasıwshısı retinde, hár bir xızmetker jámiyet hám puqaralardıń tınısh-tatıw turmısı ushın nelerge ılayıq hám basqalar. Máselen, qaysı kásip iyesi bolmasın, ol shaxstıń social párawanlıǵı oǵan jaqın toparda yamasa onıń jámáátinde ámelge asadı. Biraq, usı procestiń qay tárizde keshiwi yamasa onıń nátiyjeli juwmaq tabıwı, kóbirek jumıs xızmetkerleriniń óz ara múnasibetlerge bolǵan múmkinshiliklerine baylanıslı esaplanadı. Bul pikirlerden ayrıqsha túrde, ishki isler xızmetkerlerinde shaxslar aralıq múnasibetlerge bolǵan ilimiy tájiriybelerdi jaqsı qáliplestiriw, eń dáslep, olardıń basshıları shaxsı menen de tıǵız baylanıslı bolıp esaplanadı.

Keyingi jıllarda milliy hám shet el ilimpazları tárepinen tergewshilerdiń individual qásiyetlerin diagnostika qılıw, sonıń menen birge, huquqtı qorǵaw organlar kásibiniń qánigelik xarakteristikaların islep shıǵıw máselesine úlken itibar qaratılıp atır. B. Umarov hám S. Raximova juwmaqlarına kóre, sud shólkemleri xızmetkerleri, prokurorlar hám sonıń menen birge, tergewshiler iskerligin úyreniw boyınsha ótkerilgen izertlewler nátiyjesine kóre bul tarawdıń xızmetkeriniń kásiplik

jaramlılıq qásiyetleriniń tiykarǵı bes faktorın kórsetip ótken. Bul faktorlar ishinde professional áhmiyetke iye bolǵan individual-psixologiyalıq hám social-psixologiyalıq ayrıqshalıqlardı da kórsetip ótken. Ishki isler organları xızmetkerleriniń shıdamlılıq turaqlılıǵın támiyinleytuǵın bir neshe intellektual ayrıqshalıqlardı aytıp ótiw múmkin. Olar: dawamlı hám uzaq múddetli, kúshli fizikalıq hám artıqsha intellektual iskerlik talap etiletuǵın jaǵdaylarǵa shıdamlılıǵı, maqsetke umtılıwshańlıq, kásiplik iskerligi dawamında óz-ózinen payda bolatuǵın impulsiv reakciyalardı basqara alıw qábileti, tuyǵı-sezimler hám minez-qulqlar ústinen ózin ózi basqara alıw qábileti hám stresske shıdamlılıqtıń joqarı dárejesine iye bolıw. [3]

F. Ch. Koblovtıń ilimiy tiykarlanǵan juwmaqlarına qaraǵanda, basqa jámáátler sıyaqlı ishki jumıslar organlarındaǵı hár bir xızmetker, jámáátlik shárayatta qáliplesip baradı. Yaǵnıy, olardıń baylanıs usılı, kásiplik iskerligi, etikalıq bilimge iye ekenligi, isbilermenlik, kommunikativlik qábiletleri kásiplesler tárepinen emes, bálki ol isleytuǵın insanlar toparı tárepinen bahalanadı. Usınıń menen bir qatarda kásiplesler arasında bir-birlerine bolǵan empatikalıq múnasibetler de rawajlanıp baradı. [4]

Joqarıda aytıp ótilgen pikirlerge tayanǵan halda, juwmaq ornında sonı aytıwımız múmkin, ishki isler organları xızmetkerleriniń ózine tán individual – psixologiyalıq hám social-psixologiyalıq qásiyetleri, sonıń menen birge shaxslar aralıq qatnasıq qábiletleri olardıń óz kásiplik iskerligi nátiyjeliligin belgilewde joqarı orın iyeleydi hám ayırım shaxs qásiyetleri bolsa olardıń iskerligi dawamında óziniń unamsız tásirin kórsetiwi múmkin. Solay eken, hár bir bolajaq ishki isler xızmetkerleri tek ǵana kásiplik bilim hám kónlikpelerge emes, sonday-aq, basqalar menen baylanıs mádeniyatı, óz ara tásir ete alıw, sonıń menen bir qatarda basqa insanlardıń emocional jaǵdayların túsine alıw qábiletlerin de iyelewi kerek. Bul qásiyet hám pazıyletlerdi ishki isler organları xızmetkerlerinde qáliplestiriw ushın, álbette, bul tarawdıń qánigeleri esaplanǵan psixologlardı tawıp, olardı ishki isler shólkemlerine arnawlı tayarlıq sınaqlarınan ótkergen halda shártnama tiykarında qabıl etip, bul organ xızmetkerleri ushın arnawlı social-psixologiyalıq bólimlerdi shólkemlestiriw kerek dep oylaymız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Bashirova S.G., Ibragimov A.G. Psychological Peculiarities Pertaining to Conducting a Search of Adult Criminals and Juvenile Delinquents//Journal of Educational and Social Research: October 2019 Volume 9 No 4 – P. 222-226
2. Okhrimenko I., Ostapovich V., Barko V., Hruzynska I., Marchenko O. Individual and Psychological Characteristics of Law Enforcement Officers a Basis for Effective Psychological Selection Personnel for Modern Police Organizations// Brain. Broad Research in Artificial Intelligence and Neuroscience:
3. 2022 Volume 13 Issue 4 – P. 141-162
4. Коблов Ф.Ч. Совершенствование подготовки сотрудников органов внутренних дел в центрах профессиональной подготовки Министерства внутренних дел России. // вестник костромского государственного университета им. Н.А. Некрасова, 2012 г., Том 18. №3 – С.270.
5. Умаров Б.М., Раҳимова С.О. Ҳуқуқшунос шахсининг ўзига хос психологик хусусиятлари// Central Asian Research Journal for Interdisciplinary Studies (CARJIS): - Тошкент 24 ноябрь 2021 Б. 373-380.